



Pou Piblikasyon Imedya: 20/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN KANPAY KÒLÈK JWÈT, MANTO AK MATERYÈL ESKOLÈ NAN SEZON FÈT LA POU SIPÒTE NOUYÒKÈ KI NAN BEZWEN YO**

***Nou te kolekte 5,355 don***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmann kanpay anyèl don nan tout eta New York pou benefisye fanmi ki nan bezwen atravè Eta a. Nou te kolekte don nouvo jwèt, manto ak materyèl eskolè ki pa anbale yo pou kapab ede òganizasyon kominotè yo pandan sezon don fèt la.

"Pandan n ap antre plis nan sezon fèt la, nou pa ka tann pou nou distribiye kado sa yo atravè eta", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle remèsye sila yo ki te fè don pou rann kanpay sa tounen yon siksè; akòz jenewozite ou, fanmi nan New York yo pral kapab gen yon sezon fèt nan lajwa. Apre difikilte yo ke pandemi an te agrave, kado sa yo pral fè tout diferans pou sila yo ki nan bezwen".

Gras ak lokal depo yo ke Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) la te etabli, pou don ki ekspedye ke nou resevwa yo nan Empire State Plaza, ak lòt pwen de vant yo, 5,355 don te fèt, ki pral distribiye bay fanmi yo ki nan kominote defavorize yo toupatou nan Eta New York. Yo te fè don 1,300 jwèt atravè bwat depo yo. Chanm Komès Jeneral Lachin (China General Chamber of Commerce, CGCC) nan te fè don 755 jwèt epi Unite Way nan Eta New York te fè don 4,055 jwèt avèk yon repatisyon rejyonal:

United Way yo nan Rejyon Nò Eta a: **3,299 kado total**

- UW nan Adirondack: 1200 kado
- UW nan Tompkins: 708 kado
- UW nan Cortland: 410 kado
- UW nan Broome: 631 kado
- UW nan Greater Cap: 350 kado

United Way nan Vil New York: **756 kado total**

**Komisè Pwovizwa Biwo Sèvis Jeneral la, Jeanette Moy, te deklare,** "Nan sezon don sa a, OGS fyè pou li sipòte kanpay jwèt, manto ak materyèl eskolè pou sezon fèt

ane sa a nan Eta New York. Mwen mete avèk Gouvènè Hochul pou remèsye tout sila yo ki te fè yon don pou kòz enpòtan sa a. Jenewozite ak konpasyon yo pral ede pwopaje lajwa ak lespri fèt nan kominote yo kote li plis nesèsè".

**Prezidan Fondasyon Chanm Komès Jeneral Lachin, epi Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Bank of China USA, Chen Xu, te deklare,** "Avèk gwo difikilte nou tout te fè fas ane sa a, jwèt sa yo se youn nan fason pou nou pwopaje otimis ak restitiye kominote a. Fondasyon CGCC fyè pou li travay avèk biwo gouvènè a pou inisyativ charite sa".

**Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa United Way nan Eta New York la, Keith Barsuhn, te deklare,** "United Way nan Eta New York la fyè pou li fè patenarya avèk Gouvènè Hochul ak Wal-Mart pou transfòme fon sa yo epi distribye jwèt ki eklere lespri timoun ki genn mwens posibilite yo. Gras ak rezo United Way lokal solid nou yo ak relasyon yo avèk founisè sèvis yo, ansanm ak sistèm èd nan telefòn 211NY nou an, nou gen zouti nesèsè pou konnen kote timoun ak fanmi yo plis nan bezwen, jan nou te demontre sa pandan moman pandemi an t ap frape fò".

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)